



8 avril 2020

AVI SOU LASANTE: COVID-19 AK ITILIZADYON MASK TWAL POU FIGI

Depatman Sante Eta New York lan (New York State Department of Health, NYSDOH) ap kontinye etidye epi reyaji fas ak pwopagasyon ak efè viris SARS-CoV-2 la, ki pwovoque maladi COVID-19 la.

Etid resan te montre gen yon pati enpòtan nan moun ki enfekte ak viris la ki pa montre okenn sentòm. Moun ki pa montre okenn sentòm yo, menmsi yo vin devlope sentòm apres, kapab transmèt viris la bay lòt moun anvan yo montre sentòm. Sa vle di viris la kapab simaye ant moun ki toupre youn ak lòt — pa egzanp, moun k ap pale touse oswa estènye — menmsi moun sa yo pa gen okenn sentòm nan moman an.

Pandan l ap konsidere prèy sa a, NYSDOH sipòte manm piblik la ki chwazi mete yon mask tisi sou figi yo nan espas piblik, kote li difisil pou kenbe mezi distans sosyal yo (pa egzanp nan boutik ak nan famasi), **espesyalman** tout kote ki gen anpil transmisyon kominotè.

Li enpòtan pou souliye li trè enpòtan pou kenbe distans sosyal la, epi rete omwen 2 mè (6 pye) lwen lòt moun lè ou deyò an piblik epi pou rete lakay ou chak fwa sa posib, pou kapab ralanti pwopagasyon viris la, menmsi ou gen yon mask twal sou figi w. Menmsi mask twal la gendwa pa anpeche moun ki mete l lan vin enfekte, yo gendwa ede ralanti pwopagasyon viris la kay moun ki enfekte men ki pa konn sa.

Mask twal pou kouvri figi ki fèt ak atik yo jwenn nan kay oswa ki fèt lakay apati materyèl komen ki pa koute chè, kapab sèvi kòm yon mezi sante piblik adisyonèl ak volontè, anplis distans sosyal ki rekòmande a. Mask chirijikal ak respiratè N-95 yo se atik esansyèl ki dwe kontinye rezève pou travayè swen sante yo ansanm ak lòt sekouris.

Lè rezidan New York yo mete yon mask twal sou figi yo, yo ta dwe:

- Asire yo mask yo byen plase epi yo kouvri tout nen ak bouch yo.
- Chanje yo souvan epi lave yo lè yo sal oubyen mouye.
- Pa vin bliye lòt mezi pwoteksyon yo.
 - Pa manyen mask twal lan ni figi w.
 - Kontinye veyatif epi lave men w byen epi souvan.
 - Savon ak dlo oubyen dezenfektan ki fèt ak alkòl ki gen omwen 60% alkòl.
 - Respekte mezi respiratwa ki konvab yo epi kouvri bouch ou lè w touse oswa estènye.
 - Swiv règ distans sosyal – menm lè w mete yon mask sou figi w.
 - Rete lakay ou epi aplati koub la!

Al gade nan paj entènèt NYSDOH COVID-19 la pou jwenn plis enfòmasyon nan:

<https://www.ny.gov/coronavirus>.